

SEKIRITE DEBAZ POU CHÈZ MACHIN

Asire ke ou mete senti sekirite w byen nan chak deplasman!



Tout timoun yo dwe itilize yon chèz pou machin, chèz ki ka tache oubyen senti sekirite.

- Ptit mwen an toujou chita nan yon chèz dèyè e li pa janm devan yon sak gonflab (airbag).
- Tout moun nan machin mwen an mete senti sekirite yo nan chak sòti, yo itilize bon chèz machin nan, chèz ki ka tache oubyen senti sekirite pou laj ak gwosè chak moun.
- Chèz machin ptit mwen an gen tout pyès, etikèt ak enstriksyon yo e li pa janm nan yon aksidan.
- Mwen swiv enstriksyon pou machin mwen an ak chèz machin mwen an pou ptit mwen an ka pase senti li byen epi byen sere.
- Chèz machin ptit mwen an pa t janm nan yon aksidan.
- Mwen pa janm kite ptit mwen pou kont li nan yon machin.



Itilize Dènye Gid Chèz Machin ou an pou enfòmasyon sou tout bezwen pou chèz machin ou yo.

www.safekids.org/ultimate-car-seat-guide

Proud Program Supporter

www.safekids.org

GENERAL MOTORS

Ti bebe ki gen mwens pase 2 an itilize chèz machin ki bay fas yo dèyè

- Pitit mwen an toujou chita nan yon chèz dèyè e li pa janm devan yon sak gonflab (airbag).
- Pitit mwen an toujou deplase nan yon chèz machin ki fèt pou gwo sè l ak laj li.
- Pitit mwen an chita ak fas li ki bay nan do machin nan, nan chèz li.
- Bouk yo rete byen sou pitit mwen an, mwen ka pense bouk la nan zepòl la.
- Chèz pitit mwen an tache byen sere nan machin nan e li pa bouje pou plis pase yon pou (2.54 santimèt) lè m rale l kote chèz la boukle/tache a.
- Pitit mwen an itilize yon chèz machin ki pi gwo ki bay fas nan dèyè machin nan jiskaske li vin depase bouk la. Anpil ekipaj ale jiska 35 liv (15.88 kg), 40 (18.14 kg), a 45 liv (20.41 kg).
- Mwen pa janm kite pitit mwen pou kont li nan yon machin.



Timoun piti ak gran timoun yo itilize chèz machin ki bay fas devan ak yon attach anlè

Si pitit mwen an gen plis pase 2 an E li depase limit pwa oubyen wotè pou bay fas dèyè a:

- Pitit mwen an toujou deplase nan yon chèz dèyè.
- Pitit mwen an toujou deplase nan yon chèz machin ki fèt pou gwo sè l ak laj li.
- Bouk yo rete byen sou pitit mwen an, e mwen ka pense bouk la nan zepòl la.
- Chèz pitit mwen an tache byen sere nan machin nan e li pa bouje pou plis pase yon pou (2.54 cm) lè m rale l sou bò senti a. Mwen itilize attach anlè a.
- Pitit mwen an itilize chèz machin sa jiskaske li vin depase senti a. Anpil senti rive jiska 50 liv (22.68 kg) oubyen plis.



Timoun ki pi gran yo itilize chèz ki ka tache ki gen senti sekirite pou jenou ak zepòl

Si pitit mwen an depase limit pwa oubyen wotè pou chèz ki bay fas dèyè yo:

- Pitit mwen an toujou deplase nan yon chèz dèyè.
- Pitit mwen an toujou deplase sou yon chèz ki ka tache ki itilize yon senti sekirite pou jenou ak zepòl.
- Senti jenou an desann sou tay li, pa sou vant li.
- Senti zepòl la sou zepòl pitit mwen an – pa sou kou l, anba bra a oubyen dèyè do a.
- Senti sekirite a byen rete, li plat epi li konfòtab pou pitit mwen an.
- Pitit mwen an ka genyen ant 8-12 an anvan senti sekirite a rete byen san li pa tache.



Timoun ki prè pou senti sekirite

Si pitit mwen an depase chèz ki ka tache a:

- Pitit mwen an toujou deplase nan yon chèz dèyè jiska laj 13 an.
- Pitit mwen an toujou itilize yon senti sekirite pou jenou ak zepòl.
- Senti jenou an chita sou tay li, pa sou vant li.
- Senti zepòl la sou zepòl pitit mwen an – pa sou kou l, anba bra a oubyen dèyè do a.
- Do pitit mwen an rete fèm kont do chèz machin nan, jenou l koube sou pwent chèz machin nan, e li ka chita nan fason sa pou tout deplasman an.
- Senti sekirite a byen rete, li plat epi li konfòtab pou pitit mwen an. Si senti sekirite a pa rete byen, pitit mwen an dwe itilize yon chèz ki ka tache.

